

# Pwogram SBA - Eskamotaj ak Alèt Fwòd

De [Biwo Enspektè Jeneral](#)

*Atansyon pou pa pran nan pyèj Eskamotè ak Konbinezon Fwòd*

---

Biwo Enspektè Jeneral la rekonèt nou ap viv yon moman san parèy e li ap avèti publik la sou posiblite konbinezon fwòd ki gen pou wè ak pwogram boustè ekonomik ki ofri pa Etazini. Administrasyon ti biznis ameriken an vini ak yo pou kontre Pandemi Nouvo Kowonaviris (COVID-19) la. Lwa sou Asistans, Sekou ak Sekirite Ekonomik Kowonaviris (Lwa CARES) la, pi gwo lwa sou bourad lajan jiska prezan, gen ladan dispozisyon pou ede ti biznis yo. Èskamotè yo deja ap atake pwopriyetè ti biznis nan moman ekonomik difisil sa yo. Se pou nou veye fwòd sibvansyon, fwòd prè ak èskrokri.

## *Eskamotè ak Konbinezon Fwòd*

### Sibvansyon

- SBA sèlman kominike nan adrès imèl ki fini ak [@sba.gov](mailto:@sba.gov). Si yon moun ki di li nan SBA ap kontakte w tout tan, epi li pa gen yon adrès imel SBA ofisyèl, ou mèt sispèk fwòd.

### Prè lajan

- Si yon moun kontakte ou pou l pwomèt ou l ap jwenn apwobasyon pou yon prè SBA, men li egzije pou peye li alavans oswa li ofri yon prè pwovizwa ak gwo enterè antretan, ou mèt sispèk yon fwòd.
- SBA limite frè yon koutye ka chaje yon moun kap prete lajan nan 3% pou prè \$50,000 oswa mwens ak 2% pou prè \$50,000 rive \$1,000,000 ak yon  $\frac{1}{4}\%$  anplis sou lajan ki plis pase \$1,000,000. Nenpòt tantativ pou peye plis pase frè sa yo se abi.
- Si ou gen yon kesyon sou fason pou jwenn yon prè pou katastwòf SBA, rele 800-659-2955 oswa voye yon imèl bay [disastercustomerservice@sba.gov](mailto:disastercustomerservice@sba.gov).
- Si ou gen kesyon sou lòt pwodwi finansman SBA, rele Biwo Repons SBA nan 800-827-5722 oswa voye yon imèl bay [answerdesk@sba.gov](mailto:answerdesk@sba.gov).

## Eskrokri

- Si ou nan pwosesis demand pou yon prè SBA epi ou resevwa yon mesaj imèl kap mande pou PII, asire ou nimewo aplikasyon yo fè referans ak li a menm avèk vrè nimewo aplikasyon w lan.
- Fè atansyon ak atak èskrokri / èskamotè kap itilize logo SBA. Sa yo se ka tantativ pou jwenn enfòmasyon pèsonèl ki idantifye ou (PII), pou jwenn aksè ak enfòmasyon labank pèsonèl ou, oswa pou enstale ransomware / malware (pwogram kap mande ranson/pwogram malveyan) sou òdinate ou.
- Tout mesaj imèl SBA voye ap soti nan kont ki fini ak **sba.gov**.
- Prezans yon logo SBA sou yon Paj Web **pa** garanti enfòmasyon yo egzat ni SBA andose yo. Tanpri, ale retcheke tout enfòmasyon ou resevwa ak enfòmasyon wap jwenn nan [www.sba.gov](http://www.sba.gov).

## Rapò Fwòd

Rapòte nenpòt ki fwòd sispek nan Liy Dirèk OIG a nan 800-767-0385 oswa sou anliy nan, <https://www.sba.gov/about-sba/oversight-advocacy/office-inspector-general/office-inspector-general-hotline>.